



5 Bagay Ou Dwe Konnen Sou Pwoteksyon Kont Diskriminasyon ak Asèlman nan Lekòl nan Kad Lwa Kont Diskriminasyon an

- 1 **Lwa Kont Diskriminasyon (LAD) New Jersey a entèdi diskriminasyon ak asèlman ki baze sou prejije nan travay, lojman ak lokal akomodasyon piblik yo, sa gen ladan lekòl, ki baze sou ras, relijyon, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, andikap, idantite oswa ekspresyon seksyèl ak lòt karakteristik pwoteje ki reyèl oswa aparant. Sa vle di ou pa kapab sijè ak asèlman ki baze sou prejije nan men elèv oswa pèsònèl lekòl la nan yon fason ki kreye yon anviwònman lekòl ki agresif.**
- 2 **Si yon lekòl okouran oswa ta vin okouran yon asèlman konsa, li dwe aji pou sispann li. Pa egzanp, yon lekòl dwe aji si yon pwofesè oswa lòt responsab lekòl la konnen yon elèv ap plede fè asèlman sou yon kamarad akòz andikap li.**
- 3 **LAD a aplike tou pou fonksyon ak aktivite lekòl la esponsòrizasyon ki fèt andeyò lè lekòl. Pa egzanp, elèv yo gen dwa pou patisipe nan lekòl segondè ak aktivite espò nan kolèj san yo pa sibi asèlman rasyal oswa relijye nan men kamarad, advèsè oswa fanatik.**
- 4 **LAD la entèdi diskriminasyon tou ki baze sou ras, relijyon, sèks, oryantasyon seksyèl ak lòt karakteristik pwoteje nan aplikasyon règleman disiplin lekòl, ki gen ladan sispansyon ak ekspilsyon.**
- 5 **Yon lekòl pa ka fè reprezay kont yon moun poutèt li rapòte asèlman oswa diskriminasyon ki baze sou prejije, poutèt li egzèse oswa eseye egzèse dwa sa yo oswa nenpòt lòt dwa nan kad LAD a oswa poutèt li ede yon lòt moun egzèse dwa li.**

Pou aprann plis oswa depoze yon plent, ale sou NJCivilRights.gov oswa rele **973-648-2700**



Biwo Pwokirè Jeneral NJ

NJCivilRights.gov

DIVISION ON
CIVIL RIGHTS